



Pou Piblikasyon Imedya: 01/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA DEBLAISO ANONSE KOUVREFE NAN VIL  
NEW YORK LA PRAL ANVIGÈ APATI 11 PM ASWÈ A**

***NYPD pral double kantite Ofisye yo nan zòn kote te gen domaj vyolan sou  
pwopriyete***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra de Blasio te anonse jodi a gen yon kouvrefe nan Vil New York ki pral anvigè apati 11 PM aswè a epi ap leve nan 5 AM demen maten.

Gouvènè a ak Majistra a te anonse tou ke Depatman Lapolis Vil New York (New York City Police Department) pral double prezans lapolis li pou ede anpeche vyolans ak domaj sou pwopriyete. Ofisye adisyonèl yo pral deplwaye nan zòn yo kote vyolans ak domaj sou pwopriyete te rive pandan manifestasyon lannuit pase a- espesyalman nan lower Manhattan ak Anba Lavil Brooklyn.

Gouvènè a ak Majistra a te raple Nouyòkè yo k ap patisipe nan manifestasyon yo tou pou pran prekosyon sante apwopriye epi mete pwoteksyon pou figi pandan n ap kontinye konbat viris COVID-19 la.

"Mwen kanpe dèyè manifestan yo ak mesaj yo men malerezman gen moun k ap chèche distrè ak diskredite moman sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vyolans lan ak piyaj la pa te bon pou vil la, eta a ak tout mouvman nasyonal sa a, li afebli ak detounen atansyon sou kòz jis sa a. Pandan nou ankouraje moun yo manifeste nan lapè ak fè tandè vwa yo, sekirite jeneral piblik la esansyèl epi pa ka konpwomèt. Aswè a, Majistra a ak mwen menm ap etabli yon kouvrefe nan tout vil la nan 11 PM epi ap double prezans NYPD nan tout vil la."

"Mwen sipòte ak pwoteje manifestasyon pasifik nan vil sa a. Manifestasyon yo nou te wè yo jeneralman pasifik. Nou pa ka kite vyolans afebli mesaj moman sa a. Li twò enpòtan epi yo dwe tandè mesaj la. Aswè a, pou pwoteje kont vyolans ak domaj sou pwopriyete, Gouvènè a ak mwen menm te deside etabli kouvrefe nan tout vil la", **Majistra Bill de Blasio te deklare.** "Manm Komisyon Lapolis la ak mwen menm te pale sou ensidan yo nou te wè nan dènye jou yo kote ofisye yo pa te defann valè vil sa oswa NYPD. Nou dakò sou nesosite pou aji vit. L ap pale pita jodi a sou kijan yo pral kenbe ofisye yo responsab."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)